# Gen

## Chapter 26

### Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| הָיָה | אֲשֶׁר | הָרִאשׁוֹן | הָרָעָב | מִלְּבַד | בָּאָרֶץ | רָעָב | וַיְהִי | 1 |
| wonten | ingkang | ingkang–sapisan | paceklik | kajawi | ing–tanah | paceklik | Lan–wonten | |
| H1961 | | H7223 | H7458 | H0905 | H0776 | H7458 | H1961 | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| גְּרָרָה׃ | פְּלִשְׁתִּים | מֶלֶךְ־ | אֲבִימֶלֶךְ | אֶל־ | יִצְחָק | וַיֵּלֶךְ | אַבְרָהָם | בִּימֵי |
| ing–Gerar | Filistin | raja– | Abimèlèk | dhateng– | Iskak | Lan–késah | Abraham | ing–dinten–dinten |
| H1642 | H6430 | H4428 | H0040 | H0413 | H3327 | H3212 | H0085 | H3117 |

> Nalika iku ing tanah kono kambah ing pailan, iki dudu pailan sing dhisik kang kelakon nalika jamane Rama Abraham. Rama Iskak tumuli tindak menyang Gerar manggihi Sang Prabu Abimelekh rajane bangsa Filisti.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| תֵּרֵד | אַל־ | וַיֹּאמֶר | יְהוָה | אֵלָיו | וַיֵּרָא | 2 |
| medhak | sampun– | Lan–ngendika | Yéhuwah | dhateng–piyambakipun | Lan–ngatingal | |
| H3381 | H0408 | H0559 | H3068 | H0413 | H7200 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| אֹמַר | אֲשֶׁר | בָּאָרֶץ | שְׁכֹן | מִצְרָיְמָה |
| Kawula–badhé–ngendikakaken | ingkang | ing–tanah | Manggona | dhateng–Mesir |
| H0559 | | H0776 | H7931 | H4714 |

| |
|---|
| אֵלֶיךָ׃ |
| dhateng–panjenengan |
| H0413 |

> Sang Yehuwah banjur ngatingal marang Rama Iskak sarta ngandika: “Sira aja lunga menyang Mesir, manggona ana ing tanah kang bakal Sundhawuhake marang sira.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| עִמְּךָ | וְאֶהְיֶה | הַזֹּאת | בָּאָרֶץ | גּוּר | 3 |
| kaliyan–panjenengan | lan–Kawula–badhé–wonten | punika | ing–tanah | Numpanga | |
| | H1961 | H2063 | H0776 | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| וּלְזַרְעֲךָ | לְךָ | כִּי־ | וַאֲבָרְכֶךָּ |
| lan–dhateng–turun–panjenengan | dhateng–panjenengan | amargi– | lan–mberkahi–panjenengan |
| H2233 | | | H1288 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| וַהֲקִמֹתִי | הָאֵל | הָאֲרָצֹת | כָּל־ | אֶת־ | אֶתֵּן |
| lan–Kawula–badhé–negakaken | punika | tanah–tanah | sedaya– | dhateng– | Kawula–badhé–maringi |
| | H0411 | H0776 | H3605 | H0853 | H5414 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| אָבִיךָ׃ | לְאַבְרָהָם | נִשְׁבַּעְתִּי | אֲשֶׁר | הַשְּׁבֻעָה | אֶת־ |
| rama–panjenengan | dhateng–Abraham | Kawula–sampun–sumpah | ingkang | sumpah | dhateng– |
| H0001 | H0085 | H7650 | | H7621 | H0853 |

> Sira tetepa manggon ana ing tanah kene dadi wong manca, dene Ingsun bakal nunggil kalawan sira lan sira bakal Sunberkahi, marga sira lan turunira bakal Sunparingi tanah iki kabeh, sarta Ingsun bakal netepi sumpah kang wus Sundhawuhake marang Abraham bapakira.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| הַשָּׁמָ֑יִם | כְּכוֹכְבֵ֣י | זַרְעֲךָ֙ | אֶת־ | וְהִרְבֵּיתִ֣י | 4 |
| langit | kados–lintang–lintang | turun–panjenengan | dhateng– | Lan–Kawula–badhé–nganakaken | |
| H8064 | H3556 | H2233 | H0853 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| הָאֵ֑ל | הָֽאֲרָצֹ֖ת | כָּל־ | אֵ֥ת | לְזַֽרְעֲךָ֔ | וְנָתַתִּ֣י |
| punika | tanah–tanah | sedaya– | dhateng | dhateng–turun–panjenengan | Lan–maringi |
| H0411 | H0776 | H3605 | H0853 | H2233 | H5414 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| הָאָֽרֶץ׃ | גּוֹיֵ֥י | כֹּ֖ל | בְזַרְעֲךָ֔ | וְהִתְבָּרְכ֣וּ |
| bumi | bangsa–bangsa | sedaya | ing–turun–panjenengan | Lan–badhé–dipunberkahi |
| H0776 | | H3605 | H2233 | H1288 |

> Karomaneh Ingsun bakal ngakehake turunira kaya lintang ing langit; lan turunira bakal Sunparingi tanah iki kabeh; sarta marga saka turunira sakehe bangsa ing bumi bakal binerkahan.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| מִשְׁמַרְתִּ֑י | וַיִּשְׁמֹר֙ | בְּקֹלִ֑י | אַבְרָהָ֖ם | שָׁמַ֥ע | אֲשֶׁר־ | עֵ֚קֶב | 5 |
| kawajiban–Kawula | Lan–netepi | ing–suwanten–Kawula | Abraham | mireng | ingkang– | jalaran | |
| H4931 | H8104 | | H0085 | H8085 | | H6118 | |

| | | |
|---|---|---|
| וְתוֹרֹתָֽי׃ | חֻקּוֹתַ֖י | מִצְוֹתַ֔י |
| lan–angger–angger–Kawula | prèntan–Kawula | dhawuh–Kawula |
| H8451 | H2708 | H4687 |

> Mulane mangkono awit Abraham wus ngestokake dhawuhingSun lan netepi kang dadi kawajibane marang Ingsun, yaiku kabeh pepakon, pranatan lan angger-anggeringSun.”

| | | | |
|---|---|---|---|
| בִּגְרָֽר׃ | יִצְחָ֖ק | וַיֵּ֥שֶׁב | 6 |
| ing–Gerar | Iskak | Lan–dedalem | |
| H1642 | H3327 | H3427 | |

> Dadine Rama Iskak tetep anggone dedalem ana ing Gerar.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| וַיֹּ֨אמֶר | לְאִשְׁתּ֔וֹ | הַמָּקוֹם֙ | אַנְשֵׁ֤י | וַיִּשְׁאֲל֞וּ | 7 |
| Lan–ngendika | bab–garwanipun | panggenan–punika | tiyang–tiyang | Lan–ndangu | |
| H0559 | H0802 | H4725 | H0376 | H7592 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| פֶּן־ | אִשְׁתִּ֔י | לֵאמֹ֣ר | יָרֵ֗א | כִּ֣י | הִ֑וא | אֲחֹ֣תִי |
| supados–mboten– | garwa–kula | ngendika | ajrih | amargi | piyambakipun | sadherèk–èstri–kula |
| H6435 | H0802 | H0559 | H3372 | | H1931 | H0269 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| מַרְאֶ֖ה | טוֹבַ֥ת | כִּֽי־ | רִבְקָ֔ה | עַל־ | הַמָּקוֹם֙ | אַנְשֵׁ֤י | יַהַרְגֻ֜נִי |
| warninipun | sae | amargi– | Ribkah | bab– | panggenan–punika | tiyang–tiyang | mejahi–kula |
| H4758 | | | H7259 | | H4725 | H0376 | H2026 |

| |
|---|
| הִֽיא׃ |
| piyambakipun |
| H1931 |

> Nalika wong-wong ing kono padha takon bab garwane, Rama Iskak ngandika: “Punika sadherek kula,” awit ajrih ngandika: “Punika semah kula,” marga osiking panggalihe: “Bisa uga aku dipateni dening wong-wong ing kene jalaran saka Ribkah, awit Ribkah iku warnane endah.”

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| וַיַּשְׁקֵ֞ף | הַיָּמִ֔ים | שָׁ֚ם | ל֣וֹ | אָֽרְכוּ־ | כִּ֣י | וַיְהִ֗י | 8 |
| Lan–ningali | dinten–dinten | ing–ngriku | dhateng–piyambakipun | dangu– | nalika | Lan–wonten | |
| H8259 | H3117 | H8033 | | H0748 | | H1961 | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| אֵ֖ת | מְצַחֵ֔ק | יִצְחָק֙ | וְהִנֵּ֤ה | וַיַּ֕רְא | הַֽחַלּ֑וֹן | בְּעַ֣ד | פְלִשְׁתִּ֔ים | מֶ֣לֶךְ | אֲבִימֶ֙לֶךְ֙ |
| kaliyan | gegujengan | Iskak | lan–lah | Lan–ningali | jendhela | lumantar | Filistin | raja | Abimèlèk |
| H0854 | H6711 | H3327 | H2009 | H7200 | H2474 | H1157 | H6430 | H4428 | H0040 |

| | |
|---|---|
| אִשְׁתּֽוֹ׃ | רִבְקָ֥ה |
| garwanipun | Ribkah |
| H0802 | H7259 |

> Bareng wus antara lawas anggone dedalem ana ing kono, kacarita Sang Prabu Abimelekh rajane wong Filisti pinuju ngungak ing cendhela, mirsa Rama Iskak lagi ngungrum kang garwa Ribkah.

9
וַיִּקְרָא Lan–nimbali H7121
אֲבִימֶלֶךְ Abimèlèk H0040
לְיִצְחָק dhateng–Iskak H3327
וַיֹּאמֶר Lan–ngendika H0559
אַךְ nanging H0389
הִנֵּה lah H2009
אִשְׁתְּךָ garwa–panjenengan H0802
הִוא piyambakipun H1931
וְאֵיךְ lan–kadospundi
אָמַרְתָּ panjenengan–ngendika H0559
אֲחֹתִי sadherèk–èstri–kula H0269
הִוא piyambakipun H1931
וַיֹּאמֶר Lan–ngendika H0559
אֵלָיו dhateng–piyambakipun H0413
יִצְחָק Iskak H3327
כִּי amargi
אָמַרְתִּי kula–ngendika H0559
פֶּן־ supados–mboten– H6435
אָמוּת pejah H4191
עָלֶיהָ׃ jalaran–piyambakipun

> Sang Prabu Abimelekh tumuli nimbali Rama Iskak lan ngandika: “Lah sampun tamtu punika ingkang garwa, kadospundi dene panjenengan ndadak ngandika: Punika sadherek kula?” Ature Rama Iskak marang Sang Raja: “Margi osiking manah kula: Sampun ngantos kula dipun pejahi margi saking piyambakipun.”

10
וַיֹּאמֶר Lan–ngendika H0559
אֲבִימֶלֶךְ Abimèlèk H0040
מַה־ menapa– H4100
זֹּאת punika H2063
עָשִׂיתָ panjenengan–tindakaken
לָּנוּ dhateng–kula
כִּמְעַט meh–mawon H4592
שָׁכַב tilem H7901
אַחַד satunggal H0259
הָעָם bangsa
אֶת־ kaliyan– H0854
אִשְׁתֶּךָ garwa–panjenengan H0802
וְהֵבֵאתָ lan–panjenengan–sampun–ndatengaken H0935
עָלֵינוּ ing–kula
אָשָׁם׃ kaluputan H0817

> Nanging Sang Prabu Abimelekh ngandika: “Punapa ta ingkang panjenengan tandukaken dhateng kula sadaya punika? Gampil sanget kalampahan wonten tiyang bangsa ngriki ingkang ngantos nilemi ingkang garwa, rak margi saking makaten panjenengan lajeng ndhatengaken kalepatan dhateng kula sadaya?”

11
וַיְצַו Lan–dhawuh H6680
אֲבִימֶלֶךְ Abimèlèk H0040
אֶת־ dhateng– H0853
כָּל־ sedaya– H3605
הָעָם bangsa
לֵאמֹר ngendika H0559
הַנֹּגֵעַ Sinten–ingkang–ndemèk H5060
בָּאִישׁ tiyang–punika H0376
הַזֶּה punika H2088
וּבְאִשְׁתּוֹ lan–garwanipun H0802
מוֹת pejah H4191
יוּמָת׃ badhé–dipunpejahi H4191

> Sang Prabu Abimelekh banjur ngundhangake dhawuh marang sabangsa kabeh: “Sapa wong kang wanuh-wani ngaru-biru marang priyayi iki utawa marang garwane, mesthi diukum pati!”

12
וַיִּזְרַע Lan–nanem H2232
יִצְחָק Iskak H3327
בָּאָרֶץ ing–tanah H0776
הַהִוא punika H1931
וַיִּמְצָא Lan–manggih H4672
בַּשָּׁנָה ing–taun H8141
הַהִוא punika H1931
מֵאָה satus H3967
שְׁעָרִים tikel H8180
וַיְבָרְכֵהוּ Lan–mberkahi H1288
יְהוָה׃ Yéhuwah H3068

> Anadene Rama Iskak nuli nyebar wiji ana ing tanah kono, oleh-olehane ing taun iku uga nganti tikel satus, marga diberkahi dening Sang Yehuwah,

13
וַיִּגְדַּל Lan–ageng H1431 | הָאִישׁ tiyang–punika H0376 | וַיֵּלֶךְ Lan–tindhak H3212 | הָלוֹךְ teras H1980 | וְגָדֵל lan–ageng H1432 | עַד ngantos H5704 | כִּי־ bilih– | גָדַל ageng H1431 | מְאֹד׃ sanget H3966

temah panjenengane dadi sugih lan saya suwe saya mundhak kasugihane, nganti dadi sugih banget,

14
וַיְהִי־ Lan–dados– H1961 | לוֹ dhateng–piyambakipun | מִקְנֵה־ raja–darbèk– H4735 | צֹאן menda H6629 | וּמִקְנֵה lan–raja–darbèk H4735 | בָקָר lembu H1241 | וַעֲבֻדָּה lan–abdi H5657
רַבָּה kathah | וַיְקַנְאוּ Lan–meri H7065 | אֹתוֹ piyambakipun H0853 | פְּלִשְׁתִּים׃ tiyang–Filistin H6430

kagungan pepanthan wedhus lan pepanthan sapi, brayate akeh, nganti wong-wong Filisti padha meri.

15
וְכָל־ Lan–sedaya– H3605 | הַבְּאֵרֹת sumur–sumur H0875 | אֲשֶׁר ingkang | חָפְרוּ dipunkedhuk H2658 | עַבְדֵי abdi–abdi H5650 | אָבִיו ramanipun H0001 | בִּימֵי ing–dinten–dinten H3117
אַבְרָהָם Abraham H0085 | אָבִיו ramanipun H0001 | סִתְּמוּם dipunurugi | פְלִשְׁתִּים tiyang–Filistin H6430 | וַיְמַלְאוּם lan–ngisi H4390 | עָפָר׃ lebu H6083

Sakehe sumur ing jamane Rama Abraham, kang rama, kang didhudhuk dening para abdine kang rama, iku padha ditableg lan diurugi lemah.

16
וַיֹּאמֶר Lan–ngendika H0559 | אֲבִימֶלֶךְ Abimèlèk H0040 | אֶל־ dhateng– H0413 | יִצְחָק Iskak H3327 | לֵךְ Tindhaka H3212 | מֵעִמָּנוּ saking–kula | כִּי־ amargi–
עָצַמְתָּ־ panjenengan–sampun–langkung–kiyat– | מִמֶּנּוּ tinimbang–kula | מְאֹד׃ sanget H3966

Sang Prabu Abimelekh banjur ngandika marang Rama Iskak: “Panjenengan kula aturi tindak saking ngriki, margi pangwaos panjenengan ngungkuli pangwaos kula sanget.”

17
וַיֵּלֶךְ Lan–késah H3212 | מִשָּׁם saking–mrika H8033 | יִצְחָק Iskak H3327 | וַיִּחַן Lan–nyipeng H2583 | בְּנַחַל־ ing–sungapan– | גְּרָר Gerar H1642 | וַיֵּשֶׁב Lan–dedalem H3427 | שָׁם׃ ing–ngriku H8033

Rama Iskak tumuli tindak saka kono banjur ngadegake tarube ana ing lebake Gerar, sarta dedalem ana ing kono.

18
וַיָּשָׁב Lan–wangsul H7725 | יִצְחָק Iskak H3327 | וַיַּחְפֹּר Lan–ngedhuk H2658 | אֶת־ dhateng– H0853 | בְּאֵרֹת sumur–sumur H0875 | הַמַּיִם toya H4325 | אֲשֶׁר ingkang | חָפְרוּ dipunkedhuk H2658
בִּימֵי ing–dinten–dinten H3117 | אַבְרָהָם Abraham H0085 | אָבִיו ramanipun H0001 | וַיְסַתְּמוּם lan–dipunurugi | פְלִשְׁתִּים tiyang–Filistin H6430 | אַחֲרֵי sasampunipun | מוֹת séda H4194
אַבְרָהָם Abraham H0085 | וַיִּקְרָא Lan–nyebat H7121 | לָהֶן dhateng–piyambakipun | שֵׁמוֹת nami–nami H8034 | כַּשֵּׁמֹת kados–nami–nami H8034 | אֲשֶׁר־ ingkang–
קָרָא dipunsebat H7121 | לָהֶן dhateng–piyambakipun | אָבִיו׃ ramanipun H0001

Sawuse mangkono banjur ndhudhuk sumur-sumur kang biyen wus didhudhuk nalika sugenge Rama Abraham kang rama, sarta wus padha dipateni dening wong Filisti sasedane Rama Abraham; sumur-sumur mau padha dijenengake kaya jeneng kang biyen wus diparingake dening kang rama.

19 וַיַּחְפְּרוּ Lan–ngedhuk H2658
עַבְדֵי־ abdi–abdi– H5650
יִצְחָק Iskak H3327
בַּנָּחַל ing–sungapan
וַיִּמְצְאוּ־ Lan–manggih– H4672
שָׁם ing–ngriku H8033
בְּאֵר sumur H0875
מַיִם toya H4325
חַיִּים׃ gesang

> Nalika para abdine Rama Iskak padha ndhudhuki ing lebak kono, padha nemu sumber kang banyune mancur-mancur mumbul-mumbul.

20 וַיָּרִיבוּ Lan–pasulayan H7378
רֹעֵי pangon H7473
גְרָר Gerar H1642
עִם־ kaliyan–
רֹעֵי pangon H7473
יִצְחָק Iskak H3327
לֵאמֹר ngendika H0559
לָנוּ kagungan–kula
הַמָּיִם toya H4325
וַיִּקְרָא Lan–nyebat H7121
שֵׁם־ nami– H8034
הַבְּאֵר sumur–punika H0875
עֵשֶׂק Esèk H6230
כִּי amargi
הִתְעַשְּׂקוּ piyambakipun–pasulayan H6229
עִמּוֹ׃ kaliyan–piyambakipun

> Para pangon ing Gerar banjur padha grejegan karo para pangone Rama Iskak, ujare: “Banyu iki aku sing nduweni.” Rama Iskak maringi jeneng sumur mau: Esek, marga ana ing kono padha grejegan karo panjenengane.

21 וַיַּחְפְּרוּ Lan–ngedhuk H2658
בְּאֵר sumur H0875
אַחֶרֶת sanès H0312
וַיָּרִיבוּ Lan–pasulayan H7378
גַּם־ ugi– H1571
עָלֶיהָ bab–punika
וַיִּקְרָא Lan–nyebat H7121
שְׁמָהּ namanipun H8034
שִׂטְנָה׃ Sitna H7856

> Tumuli padha ndhudhuk sumur liyane, kang iya dadi grejegan uga, mulane sumure diparingi jeneng Sitna.

22 וַיַּעְתֵּק Lan–pindah H6275
מִשָּׁם saking–mrika H8033
וַיַּחְפֹּר Lan–ngedhuk H2658
בְּאֵר sumur H0875
אַחֶרֶת sanès H0312
וְלֹא lan–mboten H3808
רָבוּ pasulayan H7378
עָלֶיהָ bab–punika
וַיִּקְרָא Lan–nyebat H7121
שְׁמָהּ namanipun H8034
רְחֹבוֹת Rehobot H7344
וַיֹּאמֶר Lan–ngendika H0559
כִּי־ amargi–
עַתָּה sapunika H6258
הִרְחִיב sampun–nggiyaraken H7337
יְהוָה Yéhuwah H3068
לָנוּ kangge–kula
וּפָרִינוּ lan–kita–woh H6509
בָאָרֶץ׃ ing–tanah H0776

> Rama Iskak banjur pindhah saka ing kono sarta ndhudhuk sumur liyane, nanging ora nganti dadi grejegan. Sumur iku diparingi jeneng: Rehobot, dene pangandikane: “Saiki Sang Yehuwah wus maringi omber marang kita, temahan kita padha bisa bebranahan ana ing tanah kene.”

23 וַיַּעַל Lan–minggah H5927
מִשָּׁם saking–mrika H8033
בְּאֵר שָׁבַע׃ Bèrsyeba H0884

> Saka ing kono Rama Iskak tindak menyang ing Bersyeba.

| אָנֹכִ֔י | וַיֹּ֕אמֶר | הַה֔וּא | בַּלַּ֣יְלָה | יְהוָה֙ | אֵלָ֤יו | וַיֵּרָ֨א | 24 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Kawula | Lan–ngendika | punika | ing–dalu | Yéhuwah | dhateng–piyambakipun | Lan–ngatingal | |
| H0595 | H0559 | H1931 | H3915 | H3068 | H0413 | H7200 | |

| אִתְּךָ֣ | כִּֽי־ | תִּירָא֙ | אַל־ | אָבִ֑יךָ | אַבְרָהָ֣ם | אֱלֹהֵי֙ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| kaliyan–panjenengan | amargi– | ajrih | sampun– | rama–panjenengan | Abraham | Gusti–Allah |
| H0854 | | H3372 | H0408 | H0001 | H0085 | H0430 |

| זַרְעֲךָ֔ | אֶת־ | וְהִרְבֵּיתִ֣י | וּבֵֽרַכְתִּ֗יךָ | אָנֹ֔כִי |
|---|---|---|---|---|
| turun–panjenengan | dhateng– | lan–nganakaken | lan–Kawula–badhé–mberkahi–panjenengan | Kawula |
| H2233 | H0853 | | H1288 | H0595 |

| עַבְדִּֽי׃ | אַבְרָהָ֥ם | בַּעֲב֖וּר |
|---|---|---|
| abdi–Kawula | Abraham | jalaran |
| H5650 | H0085 | H5668 |

> Ing bengi iku banjur diketingali dening Sang Yehuwah sarta dipangandikani: “Ingsun iki Allahe bapakira Abraham, sira aja wedi, marga Ingsun nunggil kalawan sira lan sira bakal Sunberkahi, turunira bakal Suntangkar-tangkarake, marga saka Abraham abdiningsun.”

| שָׁ֔ם | וַיֶּט־ | יְהוָ֔ה | בְּשֵׁ֣ם | וַיִּקְרָא֙ | מִזְבֵּ֗חַ | שָׁ֜ם | וַיִּ֨בֶן | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ing–ngriku | Lan–mbenthang– | Yéhuwah | ing–asma | Lan–nyebat | misbèah | ing–ngriku | Lan–yasa | |
| H8033 | H5186 | H3068 | H8034 | H7121 | H4196 | H8033 | H1129 | |

| בְּאֵֽר׃ | יִצְחָ֖ק | עַבְדֵֽי־ | שָׁ֥ם | וַיִּכְרוּ־ | אָהֳל֑וֹ |
|---|---|---|---|---|---|
| sumur | Iskak | abdi–abdi– | ing–ngriku | Lan–ngedhuk– | tarubipun |
| H0875 | H3327 | H5650 | H8033 | | H0168 |

> Sawuse mangkono Rama Iskak tumuli ngadegake misbyah sarta memuji asmane Sang Yehuwah. Iya ana ing kono anggone nancebake tarube lan para abdine banjur padha ndhudhuk sumur.

| וּפִיכֹ֖ל | מֵֽרֵעֵ֔הוּ | וַאֲחֻזַּת֙ | מִגְּרָ֑ר | אֵלָ֖יו | הָלַ֥ךְ | וַאֲבִימֶ֕לֶךְ | 26 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| lan–Pikhol | mitra | lan–Ahuzat | saking–Gerar | dhateng–piyambakipun | tindhak | Lan–Abimèlèk | |
| H6369 | H4828 | H0276 | H1642 | H0413 | H1980 | H0040 | |

| צְבָאֽוֹ׃ | שַׂר־ |
|---|---|
| wadya–bala | pangageng– |
| | H8269 |

> Kacarita Sang Prabu Abimelekh rawuh saka Gerar martuwi kadherekake Ahuzat mitrane lan Pikhol senapatine.

| בָּאתֶ֖ם | מַדּ֥וּעַ | יִצְחָ֔ק | אֲלֵהֶם֙ | וַיֹּ֤אמֶר | 27 |
|---|---|---|---|---|---|
| panjenengan–rawuh | kenging–menapa | Iskak | dhateng–piyambakipun | Lan–ngendika | |
| H0935 | H4069 | H3327 | H0413 | H0559 | |

| מֵאִתְּכֶֽם׃ | וַתְּשַׁלְּח֖וּנִי | אֹתִ֔י | שְׂנֵאתֶ֣ם | וְאַתֶּם֙ | אֵלָ֑י |
|---|---|---|---|---|---|
| saking–panjenengan | lan–ngutus–kula | kula | sengit | lan–panjenengan | dhateng–kula |
| H0854 | H7971 | H0853 | H8130 | | H0413 |

> Rama Iskak tumuli matur: “Punapaa panjenengan sami rawuh manggihi kula, panjenengan rak sami sengit dhateng kula ta, malah sampun sami panjenengan tundhung saking wewengkon panjenengan?”

| עִמָּ֔ךְ | וַיהוָ֣ה | הָיָ֤ה | כִּֽי־ | רָא֨וּ | רָא֣וֹ | וַיֹּאמְר֗וּ | 28 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| kaliyan–panjenengan | Yéhuwah | wonten | bilih– | kula–ningali | ningali | Lan–ngendika | |
| | H3068 | H1961 | | H7200 | H7200 | H0559 | |

| בֵּינֵ֖ינוּ | בֵּינוֹתֵ֔ינוּ | אָלָה֙ | נָ֤א | תְּהִ֨י | וַנֹּ֗אמֶר |
|---|---|---|---|---|---|
| antawisipun–kula | antawisipun–kula | sumpah | mugi | mugia–wonten | Lan–kula–ngendika |
| H0996 | H0996 | H0423 | H4994 | H1961 | H0559 |

| עִמָּֽךְ׃ | בְרִ֖ית | וְנִכְרְתָ֥ה | וּבֵינֶ֑ךָ |
|---|---|---|---|
| kaliyan–panjenengan | prejanjian | lan–mugia–damel–prejanjian | lan–panjenengan |
| | H1285 | H3772 | H0996 |

> Pangandikane para tamune: “Kula sampun sami nyumerepi piyambak, bilih Sang Yehuwah nunggil kaliyan panjenengan, milanipun kula sami rerembagan: Prayogi manawi kita sami supaosan, ing antawisipun kula kaliyan panjenengan, prayoginipun kula sami damel prajanjian kaliyan panjenengan.

29

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| אִם־ | תַּעֲשֵׂה | עִמָּנוּ | רָעָה | כַּאֲשֶׁר | לֹא |
| bilih– | panjenengan–nindakaken | dhateng–kula | awon | kados–ingkang | mboten |
| | | | | | H3808 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| נְגַעֲנוּךָ | וְכַאֲשֶׁר | עָשִׂינוּ | עִמְּךָ | רַק־ |
| kula–ndemèk–panjenengan | lan–kados–ingkang | kula–tindakaken | dhateng–panjenengan | namung– |
| H5060 | | | | H7535 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| טוֹב | וַנְּשַׁלֵּחֲךָ | בְּשָׁלוֹם | אַתָּה | עַתָּה | בְּרוּךְ |
| sae | lan–ngutus–panjenengan | kanthi–tentrem | panjenengan | sapunika | ingkang–binerkahan |
| | H7971 | H7965 | | H6258 | H1288 |

| |
|---|
| יְהוָה׃ |
| Yéhuwah |
| H3068 |

> Sampun ngantos panjenengan nandukaken piawon dhateng kula, kadosdene anggen kula inggih sami boten ngganggu damel dhateng panjenengan, malah kula tansah nandukaken kasaenan dhateng panjenengan, panjenengan kula lilani tindak kalayan tentrem; sapunika rak panjenengan ingkang kaberkahan dening Sang Yehuwah!”

30

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| וַיַּעַשׂ | לָהֶם | מִשְׁתֶּה | וַיֹּאכְלוּ | וַיִּשְׁתּוּ׃ |
| Lan–ndamel | kangge–piyambakipun | pahargyan | Lan–dhahar | lan–ngunjuk |
| | | H4960 | H0398 | H8354 |

> Tamune banjur padha diaturi pasugatan, sarta tumuli padha dhahar lan ngunjuk.

31

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| וַיַּשְׁכִּימוּ | בַבֹּקֶר | וַיִּשָּׁבְעוּ | אִישׁ | לְאָחִיו | וַיְשַׁלְּחֵם | יִצְחָק |
| Lan–tangi–enjing | ing–enjing | Lan–sumpah | tiyang | dhateng–sadherèk | Lan–ngutus | Iskak |
| H7925 | H1242 | H7650 | H0376 | H0251 | H7971 | H3327 |

| | | |
|---|---|---|
| וַיֵּלְכוּ | מֵאִתּוֹ | בְּשָׁלוֹם׃ |
| Lan–késah | saking–piyambakipun | kanthi–tentrem |
| H3212 | H0854 | H7965 |

> Esuke isih umun-umun banjur padha supaosan. Sawuse mangkono Rama Iskak ngutapake tamune kondur banjur padha bidhal nilar panjenengane klawan becik.

32

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| וַיְהִי | בַּיּוֹם | הַהוּא | וַיָּבֹאוּ | עַבְדֵי | יִצְחָק | וַיַּגִּדוּ |
| Lan–wonten | ing–dinten | punika | Lan–rawuh | abdi–abdi | Iskak | Lan–maringi–pirsa |
| H1961 | H3117 | H1931 | H0935 | H5650 | H3327 | H5046 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| לוֹ | עַל־ | אֹדוֹת | הַבְּאֵר | אֲשֶׁר | חָפָרוּ | וַיֹּאמְרוּ |
| dhateng–piyambakipun | bab– | prakawis | sumur | ingkang | dipunkedhuk | Lan–ngendika |
| | | H0182 | H0875 | | H2658 | H0559 |

| | | |
|---|---|---|
| לוֹ | מָצָאנוּ | מָיִם׃ |
| dhateng–piyambakipun | Kula–manggih | toya |
| | H4672 | H4325 |

> Kacarita ing dina iku uga para abdine Rama Iskak teka ngaturi kabar bab anggone wus padha ndhudhuk sumur, ature: “Kula sampun sami angsal toya.”

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| עַד | שֶׁבַעבְּאֵר | הָעִיר | שֵׁם־ | כֵּן | עַל־ | שִׁבְעָה | אֹתָהּ | וַיִּקְרָא | 33 |
| ngantos | Bèrsyeba | kitha-punika | nami- | punika | Pramila- | Syiba | piyambakipun | Lan-nyebat | |
| H5704 | H0884 | | H8034 | | | H7656 | H0853 | H7121 | |

| | | |
|---|---|---|
| ס | הַזֶּה׃ | הַיּוֹם |
| S | punika | dinten |
| | H2088 | H3117 |

> Sumur iku tumuli diparingi jeneng: Syeba, mulane nagara kono ketelah aran Bersyeba nganti saiki.

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| יְהוּדִית | אֶת־ | אִשָּׁה | וַיִּקַּח | שָׁנָה | אַרְבָּעִים | בֶּן־ | עֵשָׂו | וַיְהִי | 34 |
| Yehudit | dhateng- | garwa | Lan-mendhet | taun | sekawan-dasa | putra- | Esau | Lan-dados | |
| H3067 | H0853 | H0802 | H3947 | H8141 | H0705 | | H6215 | H1961 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| הַחִתִּי׃ | אֵילֹן | בַּת־ | בָּשְׂמַת | וְאֶת־ | הַחִתִּי | בְּאֵרִי | בַּת־ |
| tiyang-Het | Elon | putra-èstri- | Basemat | lan-dhateng- | tiyang-Het | Beeri | putra-èstri- |
| H2850 | H0356 | H1323 | H1315 | H0853 | H2850 | H0882 | H1323 |

> Nalika Esap umur patang puluh taun banjur rabi oleh Yudhit, anake Beeri, wong Het, lan Basmat anake Elon uga wong Het.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ס | וּלְרִבְקָה׃ | לְיִצְחָק | רוּחַ | מֹרַת | וַתִּהְיֶיןָ | 35 |
| S | lan-dhateng-Ribkah | dhateng-Iskak | roh | kasusahan | Lan-dados | |
| | H7259 | H3327 | H7307 | H4786 | H1961 | |

> Wong loro iku ndadekake sekeling galihe Rama Iskak lan Ibu Ribkah.